

Place on school letterhead

Chè Paran/Responsab,

Distri Lekòl Rejyon Palm Beach la itilize yon kanè ki idantifye pwogrè elèv yo parapò ak kritè evalyasyon nivo klas la pou *Nosyon Fondamantal Florid ak Pwen Daksè Nosyon Fondamantal Florid* pou Matematik ak Kominikasyon Oral Ekri an Anglè ak *Nosyon Fondamantal Eta Solèy* pou Nouvèl Jenerasyon ak Pwen Daksè pou tout lòt sijè yo soti nan klas jadendanfan rive nan klas senkyèm ane. W ap resevwa twa kanè pou ane eskolè sa a.

Kanè sa a di w kijan pitit ou a ap travay lekòl dapre estanda ki defini kisa elèv ta dwe konnen ak sa yo dwe kapab fè nan chak klas. Kanè sa a genyen de (2) tip referans: *Kòd Pèfòmans ak Kòd Estanda*.

DISTRI LEKÒL REJYON PALM BEACH

Kanè Baze sou Estanda Ofisyèl Elemantè

Klas 1^{mye} Ane

Ane Akademik 2017-2018

Objektif kanè sa a se pou enfòm w sou pèfòmans pitit ou a parapò ak Estanda Ofisyèl nan Florid (abreje FS an anglè) ansanm ak Estanda Ofisyèl nan Eta *Sunshine* la pou Jenerasyon k ap vini an (NGSSS) pou peryòd kanè sa a.

KÒD PÈFÒMANS	
<input type="checkbox"/>	Baze sou pwogrè pou satisfè estanda ofisyèl nivo klas la.
<input type="checkbox"/>	Baze sou pwogrè pou satisfè Estanda <i>Access Points</i> pou nivo klas la
EX	Trè Byen - Demontre aptitud jeneral ak devlopman konsèp apwofondi ki pi souvan depase "estanda nivo klas la"
PR	Satisfèzan - Demontre aptitud/devlopman konsèp ki satisfè "estanda nivo klas la"
AP	Pasab - Demontre aptitud/devlopman konsèp ki se kòmansman pou satisfè "estanda nivo klas la"
ND	Bezwen Devlopman - Demontre aptitud/konsèp ki konsiderabman piba pase "estanda nivo klas la"
KÒD ESTANDA	
X	Elèv la satisfè nivo nòmal yo
#	Domèn kritik
0	P at evalye

Kòd Pèfòmans la baze sou pwogrè pitit ou ap fè pou l kapab satisfè estanda nivo klas li. Kòd EX- (Exemplary) Ekselan vle di elèv la demontre aptitud jeneral apwofondi/devlopman konsèp ki satisfè ak pi souvan depase nosyon fondamantal nivo klas yo; PR- (Proficient) Byen – Elèv la demontre aptitud/devlopman konsèp ki satisfè nosyon fondamantal nivo klas yo; AP- (Approaching) Satisfèzan – Elèv la demontre aptitud/devlopman konsèp ki se kòmansman pou satisfè nosyon fondamantal nivo klas yo; ak ND- (Needs Development) Ensifizan - Demontre aptitud/devlopman konsèp ki konsiderabman piba pase nosyon fondamantal nivo klas yo. Nan tout domèn yo, Kòd Pèfòmans la reprezante konpreyansyon jeneral yon timoun sou tout nosyon yo anseye li nan yon trimès an patikilye. Yo analize tout evalyasyon/travay pou detèmine nivo metriz estanda yo an menm tan tou nivo kompleksite evalyasyon/travay yo. Pou **lekti**, pou yon elèv kapab Konpetan, elèv dwe demontre devlopman li nan aptitud/konsèp ki se kòmansman pou l satisfè “nivo klas nòmal” nan tout jan tèks klas la pou peryòd sa a nan ane a

The **Florida Standards Access Points** la reflète konsèp prensipal Estanda Ofisyèl Florid yo avèk nivo kompleksite redui. Yo ekri yo pou asire objektif esansyèl estanda yo, pou elèv ki gen andikap kognitif enpòtan, ki aplike pou tout elèv ki nan menm nivo klas la. Se Ekip IEP a ki detèmine si yo bezwen Pwen Daksè a. Y ap itilize Kòd Pèfòmans ak Kòd Estanda yo pou endike sou kanè a Pwogrè ki fèt parapò ak Pwen Daksè nivo klas la.

Kòd Estanda yo konekte avèk Nosyon Fondamantal Florid oswa Pwen Daksè ou kapab jwenn sou entènèt nan <http://www.cpalms.org>. Kòd sa yo make pwogrè estanda espesifik kote elèv la te resevwa enstriksyon. Yon “X” vle di elèv la te satisfè nivo nòmal yo, “#” vle di domèn ki pa satisfèzan, epi yon “0” vle di domèn ki pa t evalye pou peryòd sa a.

Pwofesè Atizay, mizik, ak edikasyon fizik ap bay pwen pou efò ak patisipasyon nan seksyon **Atizay** ki nan kanè a. Yon senbòl “#” vle di domèn ki pa satisfèzan, epi yon “X” vle di elèv la satisfè nivo nòmal yo.

Seksyon **Plan Edikasyon Sipleman** a endike si pitit ou a genyen yon plan edikasyon sipleman. Yon (x) bò kote yon plan vle di genyen yon plan pou pitit ou a.

Lòt seksyon kanè a se **Prezans**. Seksyon prezans lan montre valè jou yo pou yon peryòd kanè. Yo montre valè jou elèv la prezans, valè jou li absan ak valè jou li anreta. Twòp absans ak reta se koz pou pwoblèm.

Karakteristik elèv k ap fè pwogrè reflekte jan yon timoun patisipe nan klas ak jan l ap travay nan devwa nan klas ak devwadmezon. Siy “+” la vle di pitit ou a bezwen plis sipò nan domèn sa a.

Kòmantè pwofesè a nan dènye seksyon kanè a epi li parèt nan chak peryòd kanè. Kòmantè pwofesè yo nan peryòd kanè 1 ak 2 ap endike si pitit ou a sou wout pou li pase klas la. **Kòmante pwofesè nan fen ane** a ap make sèlman nan 3^{vèm} peryòd kanè epi l ap di w si pitit ou a te pase klas la oswa si l ap double.

Lè w fini revize kanè a, si ou ta genyen kesyon oswa si genyen yon bagay ki nwi w konsènan pwogrè pitit ou a, tanpri kontakte pwofesè pitit ou pou yo kapab fè yon reyinyon. Objektif kanè ki baze sou estanda a se pou enfòme tout paran/responsab, pwofesè, ak administratè sou pwogrè elèv yo pou yo kapab ede chak elèv selon bezwen yo. Kòm yon paran/responsab, ou jwe yon gwo wòl nan sipòte efò lekòl la ap fè pou ogmante siksè elèv yo.

Sensèman,

Direktè/tris